

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra téh nya éta hasil cipta rasa pangarang anu mangrupa gambaran tina budaya kelompok masarakat anu katingali ku pangarang. Ku kituna, dina karya sastra loba anu nyaritakeun interaksi manusa jeung manusa, atawa jeung lingkunganna. Karya sastra ogé mangrupa ungkapan rasa éstétis pangarang kana alam sabudeureunana.

Patali jeung unsur estetis dina karya sastra, Sumarsono (dina Wulansari 2009: 1) nétélakeun yén karya sastra téh mangrupa rakitan basa au éndah, anu ngahudang rasa. Éndah di dieu lain ngan semet basana wungkul. Tapi anu leuwih poko, kaéndahan dina sastra nya éta nyoko kana eusina, naon-naon anu ditepikeun dina karya sastra téh mangrupa tarékah pikeun ngahontal bebeneran.

Nilik tina waktu gelarna, karya sastra bisa dibagi jadi dua, nya éta karya sastra buhun jeung karya sastra modéren. Karya sastra buhun leubeut ku ajén-inajén anu perlu dipikawanoh ku masarakat kiwari. Ngan hanjakal, masarakat jaman kiwari teu pati apal kana karya-karya sastra buhun. Kurangna média-média informasi anu boga karep pikeun ngawanohkeun karya sastra buhun, ngabaluarkeun masarakat teu wanoh kana ieu wangun karya. Ku kituna perlu diayakeun upaya pikeun ngawanohkeun ieu karya ka masarakat. Ieu hal bisa dimimitian ngaliwatan kagiatan formal, nya éta sakola.

Karya sastra téh aya anu wangun lisan jeung tulisan. Karya sastra buhun anu aya dina wangun tulisan disebutna naskah. Nurutkeun Baried (1985: 4) naskah téh nya éta berita ngeunaan hasil budaya anu diébréhkeun ku téks klasik, bisa dibaca dina titinggal-titinggal anu mangrupa tulisan.

Kiwari, naskah-naskah Sunda téh loba anu leungit. Padahal, dina naskah-naskah téh bisa waé ngandung hal-hal anu penting pikeun masarakat jaman kiwari. Umpamana, ngandung sajarah ngeunaan masarakat Sunda atawa aya pituduh-pituduh ti karuhun pikeun masarakat kiwari. Hanjakal, naskah-naskah téh loba anu ditulis dina média nu bisa ruksak alatan waktu upama teu dipiara ku nu bogana. Aya sababaraha tarékah anu bisa dilakukeun pikeun nyalametkeun karya sastra buhun, di antarana, ku cara ditalungtik. Ieu panalungtikan téh bisa mangrupa transliterasi atawa transkripsi naskah. Sabab loba jalma anu teu bisa maca eusi naskah, antukna éta naskah téh dianggap teu penting, atawa dipustipusti, dianggap barang anu sakral. Undang Ahmad Darsa (dina Wulansari, 2009: 3) nétélakeun yén:

“Naskah-naskah di masyarakat ada yang disimpan di kandang ayam, di langit-langit dapur. Tapi, masih banyak yang disimpan di peti kayu karena dianggap sakral”

Di antara salah sahiji genre karya sastra anu aya di wilayah Sunda, anu perlu disalametkeun alatan loba anu masih dina wangun lisan, atawana dina wangun naskah nya éta wawacan. Nurutkeun Iskandarwassid (dina Koswara, 2010: 113) wawacan téh nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh. Téks wawacan téh sipatna naratif, umumna panjang, remen ganti pupuh,

biasana marengan ganti épisode. Wawacan biasana digelarkeun dina pagelaran seni beluk, tapi teu sakabéh lakon wawacan bisa dipintonkeun dina seni beluk.

Wawacan téh kaasup karya sastra anu kauger. Diwangun ku leunjeuran carita, anu kauger ku wangun pupuh. Pupuh ogé wangun karya sastra anu kauger, ku sabab miboga katangtuan ngeunaan guru lagu, guru wilangan, jeung jumlah padalisan dina unggal pada.

Di antara sajumlahing wawacan anu aya di wilayah Jawa Barat, salah sahijina nya éta *Wawacan Jakasundang*. Ieu wawacan téh nyaritakeun lalampahan Radén Jakasundang. Latar caritana di karajaan Majapahit. Ku sabab wawacan téh kaasup kana karya sastra, ku kituna *Wawacan Jakasundang* miboga hal anu bisa dianalisis, nya éta struktur carita jeung pupuh-pupuh anu ngawangunna.

Basa Sunda téh asup kana basa daérah anu masih dipiara tur dipaké ku masarakatna. Ku kituna, nagara nangtayungan kana hirup-huripna basa Sunda. luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “*di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hade-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura, jeung sajabana), éta basa-basa téh bakal diajénan jeung dipiara oge ku nagara.*”

Pamaréntah Propinsi Jawa Barat nyieun tarékah pikeun ngamumulé kasundaan. Éta hal bisa katitén dina Perda Provinsi Jawa Barat nomor 5 taun 2003 perkara Pemeliharaan, Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah. Ogé Perda Provinsi Jawa Barat nomer 20 taun 2003 ngeunaan Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda diwajibkeun ti mimiti SD nepi ka SMA.

Ieu panalungtikan téh lian ti nganalisis struktur nu aya dina *Wawacan Jakasundang*, panalungtik ngalarapkeun hasil analisis struktur *Wawacan Jakasundang* kana Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) salaku bahan pangajaran maca di SMP. Éta tujuan téh dumasar Standar Kompetensi na nya éta “*Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa teks kepahlawanan, cerita wawacan, sajak, dan argumentasi*” (SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda, 2007: 96).

Di Universitas Pendidikan Indonesia, hususna di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, panalungtikan ngeunaan analisis struktur dina wawacan téh geus loba anu ngalaksanakeun. Judul-judul panalungtikanana nya éta: “*Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan Nabi Yusuf*” (Eva Novianti, 2004), “*Analisis Struktur Wawacan Lokayanti*” (Erni Rustini, 2005), “*Analisis Struktur Wawacan Rara Mendut*” (Rusmayanti, 2008), “*Struktur jeung Ajén Moral dina Wawacan Simbar Kencana pikeun Bahan Pangajaran di SMA*” (Irman Aprisa Nugraha, 2009), “*Struktur dina Wawacan Carios Munada pikeun Bahan Pangajaran di SMA*” (Rija, 2009), “*Analisis Struktur Carita jeung Ajén Budaya Wawacan Régn Boncél Bupati Caringin pikeun Bahan Pangajaran di SMP*” (Nenda Nurwendah, 2009), “*Analisis Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Wawacan Ratu Déwi Maléka*” (Devi Cahyani Wulansari, 2009), “*Analisis jeung Ajén Budaya dina Wawacan Panji Kusumah pikeun Bahan Pangajaran di SMP*” (Nenden Sri Utari, 2010), “*Kajian Filologis jeung Analisis Struktural Naskah Carita Raja Jumjuman*” (Mira Retna Priatna, 2010), “*Analisis Struktur Wawacan Samaun pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas VII*” (Aniq Ziyatul Jannah,

2011). Dumasar kana data di luhur, naskah *Wawacan Jakasundang* téh can pernah dijadikeun objék panalungtikan. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan. Judul dina ieu panalungtikan téh nya éta “*Struktur Wawacan Jakasundang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang nu geus ditétélakeun di luhur, watesan masalah tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) déskripsi naskah *Wawacan Jakasundang*;
- 2) struktur carita dina *Wawacan Jakasundang*;
- 3) analisis pupuh dina *Wawacan Jakasundang*; jeung
- 4) ngalarapkeun hasil analisis struktur *Wawacan Jakasundang* kana Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) salaku bahan pangajaran maca di SMP.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi naskah *Wawacan Jakasundang*?
- 2) Kumaha struktur carita dina *Wawacan Jakasundang*?
- 3) Kumaha analisis pupuh dina *Wawacan Jakasundang*?
- 4) Kumaha larapna hasil analisis struktur *Wawacan Jakasundang* upama dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum, nya éta pikeun maluruh struktur carita jeung pupuh-pupuh dina *Wawacan Jakasundang*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan téh nya éta pikeun:

- 1) ngadésripsikeun naskah *Wawacan Jakasundang*;
- 2) nganalisis struktur dina *Wawacan Jakasundang*;
- 3) nganalisis pupuh *Wawacan Jakasundang*; jeung
- 4) ngalarapkeun hasil analisis struktur *Wawacan Jakasundang* kana pangajaran maca di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) meunangkeun informasi ngeunaan déskripsi naskah *Wawacan Jakasundang*;
- 2) meunangkeun informasi ngeunaan struktur dina *Wawacan Jakasundang*;
- 3) meunangkeun informasi ngeunaan pupuh dina *Wawacan Jakasundang*; jeung
- 4) nambahan bahan pangajaran maca di SMP.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun ngamumulé karya sastra buhun.
- 2) Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra buhun.
- 3) Pikeun ngeuyeuban pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah.

1.5 Wangenan Operasional

Aya istilah anu perlu ditepikeun ngeunaan katerangan-katerangan anu aya patalina jeung objék panalungtikan, nya éta:

- 1) struktur nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra anu gembleng jeung boga ma'na. Iskandarwassid (2003: 153);
- 2) wawacan nya éta carita anu didangdingkeun, digelarkeun dina puisi pupuh. Ku lantaran ngalalakon, téks (wacana) wawacan téh umumna paranjang; mindeng gunta-ganti pupuh, biasana marengan ganti épisode (Iskandarwassid, 2003: 168);
- 3) *Wawacan Jakasundang* nya éta naskah wawacan anu miboga latar carita di karajaan Majapait. Ieu naskah nyaritakeun Radén Jakasundang anu wani ngabéla hal anu dianggap bener, jeung nyaah ka batur;
- 4) pikeun bahan pangajaran maca di SMP, nya éta hasil tina panalungtikan dirékomendasikeun pikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.6 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan téh miboga anggapan dasar salaku pamikiran dasarna, nya éta:

- 1) wawacan mangrupa bahan anu bisa ditalungtik;
- 2) *Wawacan Jakasundang* mangrupa salah sahiji karya sastra buhun;
- 3) *Wawacan Jakasundang* miboga struktur pangwangun carita jeung pupuh anu bisa dianalisis; jeung
- 4) *Wawacan Jakasundang* bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP.

1.7 Rang kay Tiori

Wawacan téh karya sastra Sunda anu mangrupa leunjeuran carita, anu disusun dina wangun pupuh. Pupuh anu digunakeunana nya éta pupuh anu aya dina sastra Sunda. Ieu karya téh dipidangkeunana ku cara didangdingkeun. Kagiatan maca wawacan ku cara didangdingkeun ieu téh sok disebut beluk.

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta salah sahiji tilikan anu aya dina pamarekan Strukturalisme anu disebut tilikan Naratif. Ieu tilikan miboga pamarekan yén karya sastra téh bisa dianalisis unsur artistikna. Fokkema (dina Kalsum, 2006: 11) nétélakeun, najan karya seni teu bisa dibagi jadi unsur-unsur, tapi masih bisa dianalisis struktur artistikna ngaliwatan faktor-faktorna. Tuluy, Fokkema (dina Kalsum, 2006: 11) nétélakeun yén faktor-faktorna nya éta galur, tokoh, jeung latar.

Patali jeung faktor-faktor artistik dina karya sastra, perlu dijelaskeun ngeunaan galur, tokoh, jeung latar. Ngeunaan tokoh, Sudjiman (dina Mutiara, 1998: 8) nétélakeun yén tokoh téh nya éta individu rékaan anu ngalaman kajadian dina carita.

Carita téh disusun ku urutan kajadian-kajadian anu disebut galur. Patalina jeung galur, Sudjiman (dina Mutiara, 1998: 8) nétélakeun yén dina hiji carita rékaan sagala kajadian disusun dina urutan anu tangtu. Kajadian anu diurutkeun téh ngawangun rangkay carita, nya éta galur.

Dina carita, faktor artistik anu milu ngawangun carita lian ti tokoh jeung galur, nya éta latar. Sudjiman (dina Mutiara, 1998: 8) nétélakeun yén latar téh nya

éta katerangan, pituduh, anu aya kaitanana jeung waktu, ruang, jeung suasana kajadian dina karya sastra.

Lian ti unsur artistik nurutkeun tilikan naratif, aya unsur artistik séjén nya éta pupuh. Pupuh dina wawacan mangrupa unsur anu penting, sabab ieu anu jadi ciri karya sastra wawacan. Ku kituna perlu ditalungtik ogé pupuh-pupuhna. Hal anu bakal ditalungtik dina pupuh anu ngawangun *Wawacan Jakasundang* nya éta jumlah pupuh anu digunakeun, kasaluyuan guru wilangan, jeung guru lagu dina ieu wawacan anu diluyukeun kana patokan pupuh nurutkeun Budi Rahayu Tamsyah, spk., dina buku *Pangajaran Sastra Sunda*.

